

## POSTES PENGEMBANGAN PEMBELAJARAN SASTRA

**Baca sing gemet ieu bacaan di handap !**

### **Raden Djamoe**

Dina hiji peuting di bumi kapatihan, aya hiji nonoman keur calik, *mande mandeko* semu isin. Nilik kana anggoanana, sanajan teu ginding oge, jol breh bae yen eta teh *wedalam* ti padaleman. Komo lamun di teuteup pameunteuna nu sakitu *sieupna*, sangkaan teh hamo nyalahan, tangti eta nu keur calik teh putra nu ngasta nagara, katara dina sorotna, beda ti jalma rea, dedgan salirana *cangker*, cakep hade sieup komo keureutan pameunteuna mah bleg pisan Dalem soerianagara *suargi*.

**Dicutat tina  
Pangeran Kornel**

### **Cadas Pangeran**

Ginggeung Nusa Jawa ku gidirna Mas Galak  
Curukna ngagurat ti Anyer ka Banyuwangi  
Saciduh kudu metu ngambat jalan kebat  
Ngagurat warna getih ti anyer ka Banyuwangi

Nantrat carita dijunggiringkeun dina cadas  
Di dieu aya satria tandang  
Di dieu aya lalanang  
....., jst

**Dicutat tina  
Cadas Pangeran (Yus Rusyana)**

**Cakra hurup dina unggal pilihan jawaban nu bener !**

1. Kumpulan carita pondok karya Yus Rusyana nu kungsi meunang hadiah rancage nyaeta
  - a. Jajaten Ninggang Papasten
  - b. Di Luhureun Jukut Reumis
  - c. Ngantos-Ngantos Dawuh
  - d. Lalaki Di Tegal Pati
2. Mando mandeko tiasa disamikeun sareng majas :
  - a. Sila andekak, emok aneprook, nyanghunjar lambar
  - b. Sila andekak, tuang ngalimed, gencruk macul
  - c. Nngaguhher kerek, am tuang, leng lieur
  - d. Sare tibra, ceurik ngagukguk, seuri ngagakgak
3. Rangki tukang nu saharti jeung rangki tukang dina kecap *wedalan*, nya eta:
  - a. Wedalan, nonoman, beungkeutan
  - b. Wedalan, terbitan, kaluaran
  - c. Nonoman, tiluan, lulusan
  - d. Wedalan, lulusan, nonoman
4. Rd. Djamu dina wacana I teh nya eta
  - a. Jenengan Pangeran Kornel nuju anom
  - b. teu aya patalian sareng Pangeran Kornel
  - c. Jenengan hiji nonoman di Kapatihan
  - d. Jenengan hiji nonoman menak anu dipikanyaah ku Patih
5. Imagi nu ngailhaman pangarang dina sajak Cadas Pangeran, nya eta sanggeus pangarang eta sajak maca buku :
  - a. Cadas Pangeran
  - b. Paparentahan Mas Galak
  - c. Satria Lalaki Langit lalanang Jagat
  - d. Pangeran Kornel
6. Ide poko dina wacana II bait ka-1, nya eta :
  - a. Ngagidirna Mas Galak
  - b. Curukna ngagurat ti Anyer ka Banyuwangi
  - c. Parentah Mas Galak ngeunaan nyieun jalan ti Anyer nepi ka Banyuwangi
  - d. Ngaguratan warna getih ti Anyer ka Banyuwangi
7. Wacana I teh mangrupa cutatan tina buku :
  - a. Pangeran Kornel karangan Rd. Memed Sastrahadiprawira
  - b. Pengeran Kornel karangan Rd. Memed Yogaswara
  - c. Pangeran Kornel karangan Rd. H. Muh. Musa
  - d. Pangeran Kornel karangan Rd. H.M. Mustopa

8. Pangarang anu sajaman jeung Rd. Memed Sastrahadiprawira, nya eta Moh. Ambri, buku-buku anu dikarang di antarana :
- Lain eta, Numbuk di Sue, Burak Siluman
  - Lain Eta, Beruang ka nu Ngarora, Numbuk di Sue
  - Burak Siluman, Ngawedalkeun nyawa, Laleur Bodas
  - Numbuk di Sue, Laleur Bodas, Burak Siluman
9. Lamun urang maca hasil karya sastra pikeun ngeusian waktu luang/hiburan, urang geus nglaksanakeun :
- Maca rekreasional
  - Maca ekstensif
  - Maca Intensif
  - Maca Survey
10. Curukna ngagurat ti Anyer ka Banyuwangi, dina wacana I, curuk dina eta kalimah ngandung harti kiasan, ku sabab kitu disebut ngandung harti :
- Denotatif
  - Konotatif
  - Induktif
  - Deduktif
11. Ditilik tina eusina, carita-carita di handap ieu kaasup mana mite, iwal :
- "Ngipri"
  - "Nyi Roro Kidul"
  - "Cadas Pangeran"
  - "Dewi Sri"
12. Di handap ieu ciri-ciri dongeng, iwal :
- Sumebarna carita lisan
  - Loba wandana
  - Puguh pangarangna
  - Polana angger
13. *Sawidak Carita Pondok* mangrupa buku antalogi carita pondok anu eusina ... carita pondok
- 40
  - 60
  - 50
  - 70
14. Di handap ieu novel-novel karya Aam Amalia, iwal
- "Buron"
  - "Kalajengking"
  - "Puputon"
  - "Si Bedog Panjang"
15. Di handap ieu kaasup novel-novel sejarah, iwal :
- "Pangeran Kornel"
  - "Bagus Rangin"
  - "Ki Tapa jeung Ki Bagus Buang"
  - "Kalajengking"
16. Katerangan di handap mangrupa langkah-langkah tina Model Pembelajaran Bermakna, iwal :
- Apersepsi
  - Eksplorasi
  - Konsolidasi
  - Persuasi

17. Nu kagolong kana langkah eksplorasi dina model pembelajaran bermakna, nyaeta :
- Neuleuman pangaweruh siswa
  - Mere motivasi
  - Ngawanohkeun bahan
  - Ngaitkeun bahan ajar nu anyar jeung kahirupan
18. Kagiatan nu diwincik di handap teh mangrupa kagiatan nu kudu dilaksanakeun dina proses pembelajaran nu kaasup kana kagiatan inti, iwal :
- Apersepsi
  - Eksplorasi
  - Konsolidasi
  - Ngawangun sikep
19. Nu kaasup bahan pembelajaran pangajaran prosa teh nyaeta, iwal :
- Novel
  - Carita Pondok
  - Wawacan
  - Naskah Gending Karesmen
20. Tehnik pembelajaran sastra bisa ngagunakeun pamarekan ieu di handap, iwal :
- Objektif
  - Ekspresif
  - Persuasif
  - Pragmatik
21. Salah sahiji fungsi standar kompetensi jeung kompetensi dasar nyaeta :
- Mangrupa acuan pikeun guru di sakola
  - Pikeun ngamekarkeun kamampuan guru
  - Mangrupa kurikulum mata pelajaran
  - Mangrupa media pengembangan
22. Tujuan umum pembelajaran sastra sunda nyaeta iwal
- Murid ngajenan sastra sunda
  - Murid wanoh kana sastra sunda
  - Murid mampuh ngapresiasi sastra sunda
  - Murid mere pangajen ka urang sunda
23. Kamampuh ngaapresiasi sastra bisa dilakukeun ngaliwatan kagiatan-kagiatan ieu di handap, iwal :
- Ngaregepkeun hasil sastra
  - Nulis karya sastra
  - Nonton hasil sastra
  - Maca hasil sastra
24. Kagiatan-kagiatan di handap mangrupa kagiatan pikeun nyangkem kamampuh neuleuman hasil sastra, iwal :
- Nulis karya sastra
  - Ngajen hasil sastra
  - Ngaapresiasi hasil sastra
  - Ngaanalisis hasil sastra

25. Pamerekan kompetensi komunikatif jeung pamarekan kontekstual mangrupa pamarekan dina pembelajaran sastra anu tujuanana pikeun :
- a. Ngamumule sastra sunda
  - b. Ngamekarkeun sastra sunda
  - c. Ngamekarkeun pembelajaran sunda
  - d. Ngamekarkeun kahirupan sastra sunda

**PENGEMBANGAN PEMBELAJARAN SASTRA**

**( Disajikan pada Pendidikan Latihan Profesi Guru )**

**20 Maret 2008**

**Oleh**

**Ruswendi Permana**

**JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH  
FAKULTAS PENDIDIKAN BAHASA DAN SENI  
UNIVERSITAS PENDIDIKAN INDONESIA**

**2008**